



# TOPI BON FASON POU W FÈ AVANTAJ SANTE W YO TRAVAY POU OU



ANPLWAYE BENEFIS SEKIRITE ADMINISTRASYON  
DEPATMAN TRAVAY ETAZINI

## 10 Pi Bon Fason Pou w Fè Avantaj Sante w yo Travay pou ou



### Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye yo nan Ministè travay la (Employee Benefits Security Administration, EBSA)

administre plizyè lwa sou avantaj sante  
ki kouvri plan sante ki gen pou wè ak  
patwon yo.

Lwa sa yo gen ladan yo:

- Dwa debaz ou genyen pou w jwenn enfòmasyon konsènan kijan plan sante w la fonksyoné,
- Kijan pou w kalife epi fè reklamasyon pou avantaj
- Dwa ou genyen pou kontinye avantaj sante w yo lè ou pèdi kouvèti asirans ou oswa ou chanje travay, epi
- Pwoteksyon pou kondisyon medikal espesyal yo.

Pou plis enfòmasyon sou lwa ki pwoteje avantaj ou yo, vizite [sit entènet EBSA](#) oswa rele EBSA gratis nan **1-866-444-3272**.

10 konsèy sa yo kapab ede w fè avantaj sante w yo travay pi byen pou ou.

### 1. Eksplore Opsyon Asirans Sante w yo

**Gen plizyè kalite plan avantaj sante ki diferan.** Chèche konnen kisa patwon ou ofri, epi aprè verifye plan ki genyen an (yo). Biwo resous imen patwon w lan, administratè plan sante w la, oswa inyon w lan kapab bay enfòmasyon pou ede w reponn ak bezwen ak preferans ou yo gras ak plan ki disponib yo. Oswa panse pran yon plan sante atravè Health Insurance Marketplace® la. Ale sou [HealthCare.gov](#) pou wè opsyon plan sante ki disponib yo nan kote w rete an. *Jwenn enfòmasyon sou tout opsyon ou genyen yo epi revize li. Lè w gen plis enfòmasyon, ou pran pi bon desizyon sou swen sante w.*

### 2. Revize Avantaj Ki Disponib yo

**Detèmine bezwen ak priyorite w yo.** Èske plan yo ofri yo kouvri avantaj ki enpòtan pou ou yo, tankou sèvis sante mantal yo, swen byennèt bebe yo, swen vizyon oswa swen dan? Èske gen franchiz? Ki frè ou ap gen pou w peye ak lajan nan pòch ou? Konpare tout opsyon ou yo anvan ou deside ki kouvèti pouw chwazi. *Reponn ak bezwen w yo ak pa manm fanmi w yo pral fè gen pi bon avantaj ki disponib. Pi bon mache pa toujou vle di pi bon. Objektif ou se jwenn avantaj sante ki gen bon jan kalite epi ki fasil pou jwenn.*

### 3. Li Deskripsyon Rezime Plan (Summary Plan Description, SPD) pou Plan w lan pou Richès Enfòmasyon li mete disponib pou ou

**SPD an dekri avantaj ou yo ak dwa legal ou genyen yo** anba Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye an (Employee Retirement Income Security Act, ERISA), yon lwa Federal ki pwoteje avantaj sante nou yo. Li genyen ladan li tou enfòmasyon konsènan kouvèti asirans pou moun ki anba responsabilite lòt moun yo, ki sèvis ki egzije yon kotizasyon oswa yon kontribusyon, epi lè patwon ou kapab chanje oswa kanpe yon plan avantaj sante. Mete sou SPD ou an, Rezime Benefis ak Asirans yo (Summary of Benefits and Coverage, SBC) an se yon rezime tou kout, ki fasil pou konprann sou kisa yon plan kouvri epi sa li koute. Administratè plan sante w la dwe bay yon kopi toude dokiman yo ak dokiman enskripsiyan w yo. *Konsève SPD, SBC an ak tout lòt bwochi ak dokiman plan sante yo, ansann ak memo oswa korespondans ki sóti bökote patwon w ale jwenn avantaj sante yo.*

### 4. Itilize Kouvèti Asirans Sante w la Yon fwa kouvèti asirans sante w la kòmanse,

**itilize li** pou ede nan kouvri frè medikal yo pou sèvis tankou ale kay doktè yo, ranpli preskripsiyan, oswa jwenn swen ijans. Itilize avantaj ou yo pral ede w ou menm ak fanmi w rete ansante epi redui nan depans swen sante w yo. Lwa sou Swen Pou Tout Moun lan (Affordable Care Act, ACA) pwoteje moun ki enskri nan plan sante ki gen pou wè ak travay yo, epi li entèdi eksklizyon ki baze sou kondisyon ki egziste deja ak limit a vi sou avantaj sante esansyèl yo. Sa k pi bél la, anpil plan kouvri kèk sèvis preventif gratis, tankou vaksinasyon abityèl yo; vizit regilye pou byennèt bebe ak timoun yo; priz tansyon san, tès dyabèt ak

kolestewòl; ak anpil depistaj pou kansè. Ou kapab deside mete pitit ou nan plan sante w la jous li rive nan laj 26 lane. *Pwofile avantaj ou yo, espesyalman swen preventif gratis si ou planifiye mete l anba kouvèti an. Si ou peye yon patisipasyon nan depans pou sèvis prevansyon, verifye Eksplikasyon Avantaj ou yo epi fè si founisè an te faktire sèvis la kòmasdwia.*

### 5. Konprann Kouvèti Asirans pou Sante Mantal ak Twoub Itilizasyon Dwòg Plan w lan

**Plizyè plan sante ofri kouvèti asirans** pou avantaj sante mantal ak twoub itilizasyon dwòg. Si yon plan ofri avantaj sa yo, egzijans finansye yo (tankou kotizasyon ak franchiz yo) ak limit kantite pou trètman yo (tankou limit vizit yo) pou avantaj sa yo pa kapab gen plis restriksyon pase sa ki aplike sou avantaj medikal/chiriji yo. Plan yo pa kapab enpoze limit a vi oswa anyèl sou kantite dola sèvis sou sante mantal ak twoub itilizasyon dwòg yo, ansanm ak trètman sante konpòtmantal la. *Kék plan kouvri sèvis preventif yo tankou depistaj pou depresyon ak evalyasyon konpòtmant timoun yo gratis. Verifye SPD ou ak SBC ou an pou konnen kisa plan w lan kouvri.*

### 6. Chèche Pwogram pou Byennèt yo Gen plis patwon ki ap etabli pwogram byennèt

ki ankouraje anplwaye yo fè egzèsis, kite fimen, epi jeneralman vin mennen yon lavi ki pi sen. Lwa sou Responsabilite nan Dosye Asirans Sante an (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) ak ACA an ankouraje plan sante gwoup yo ankadre pwogram pou byennèt yo men yo dwe entèdi diskriminasyon ki kapab genyen kont anplwaye ak moun ki anba responsabilite lòt moun yo sou baz yon faktè sante. Pwogram sa yo souvan bay rekonsens tankou ekonomi sou depans yo ak pwomosyon pou bon sante. *Verifye SPD ou oswa SBC ou pou wè si plan ou an ofri yon oswa plizyè pwogram pou byennèt. Si plan ou an fè sa, chèche konnen ki rekonsens yo ofri epi kisa ou bezwen pou reservwa li.*

### 7. Konnen Kijan pou w Depoze yon Apèl si yo Refize Reklamasyon Avantaj Sante ou an

**Konprann pwosedi plan ou yo** pou depoze yon reklamasyon pou avantaj ou yo epi pou apli dezisyon plan yo. Toujou siveye limit tan yo - fè si ou depoze reklamasyon ak apèl yo nan bon moman an epi fè si plan an pran desizyon yo atan. Konsève rejis yo ak kopi tout korespondans yo. *Verifye pwogram avantaj sante w la ak SPD ou an pou w detèmine kiyès ki responsab pou jere pwoblèm reklamasyon avantaj yo. Kontakte EBSA pou jwenn asistans si plan an pa reponn ak plent ou an.*

## 8. Evalye Kouvèti Asirans ou an pandan Estati Fanmi w ap Chanje

**Ou kapab vin bezwen chanje kouvèti asirans sante w la aprè kèk evennman lavi w** tankou maryaj, divòs, nesans oswa adopsyon yon timoun, lanmò yon konjwen, yon timoun ki ap depase laj maksimòm anba plan sante paran an. Ou menm, konjwen ou, ak pitit ou ki anba responsabilite w la kapab kalife pou enskripsyon espesyal nan lòt kouvèti asirans sante patwon an ofri oswa atravè Health Insurance Marketplace® la. Menm si pa ta gen evennman ki chanje lavi w, enfòmasyon patwon lan bay la ta dwe fè w konnen kijan ou kapab chanje avantaj oswa chanje plan. *Si ou vle fè yon enskripsyon espesyal, jè sa rapid.* Ou gen 30 jou aprè evennman lavi w la pou w fè demann pou enskripsyon espesyal anba lòt kouvèti patwon yo oswa 60 jou pou chwazi yon plan nan Marketplace la.

## 9. Toujou Sonje Chanje Travay ak Lòt Evennman nan kad Travay yo Gen Enpak sou Kouvèti Asirans Sante ou an

**Si ou chanje patwon oswa ou pèdi travay ou,** ou kapab bezwen jwenn yon lòt kouvèti asirans sante. Si ou genyen yon nouvo travay, ou dwe panse enskri nan plan nouvo patwon w lan. Kèlkeswa w ap kòmanse oswa w pèdi yon travay, ou kapab kalife pou fè yon enskripsyon espesyal nan yon plan patwon an finanse pou konjwen ou oswa atravè Health Insurance Marketplace® la. Dapre Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Omnibus Konsolide an (Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act, COBRA) ou menm, konjwen ou ki asire, ak pitit ou ki anba responsabilite w la kapab kalife pou kontinye benefisyé kouvèti an anba plan ansyen patwon lan te finanse pou ou an. Kouvèti asirans sa tanporè (jeneralman 18 rive 36 mwa) epi ou kapab gen pou w peye tout prim lan ansanm ak yon 2 pou san frè administrasyon. *Jwenn enfòmasyon sou opsyon kouvèti asirans ou yo epi konpare. Konnen dat limit pou desizyon sou kouvèti asirans ou an epi konnen kilè nouvo kouvèti w la ap antre an vigè.*

## 10. Planifie pou Retrèt

**Anvan ou pran retrèt,** chèche konnen ki avantaj sante, si genyen, yo pral ofri w ou menm ak konjwen ou an. Konsilte biwo resous imen patwon w lan, inyon ou an, oswa administratè plan w lan. Verifye SPD ou ak lòt dokiman plan w yo. Fè si pa gen okenn enfòmasyon ki kontredi lòt nan mitan sous sa yo konsènan avantaj ou pral resevwa yo oswa sikontans ki kapab fè yo chanje oswa anile yo. Lè w gen enfòmasyon sa nan men w, ou kapab fè chwa ki empòtan, tankou deside si w dwe enskri ann Medicare oswa achte kouvèti asirans Medigap la (si w kalifye). Si ou vle pran retrèt anvan ou kalifye pou Medicare epi patwon w lan pa ofri avantaj sante nan

retrèt, panse sou kijan ou pral jwenn kouvèti asirans sante. Opsyon w yo kapab gen ladan yo enskri nan yon plan pwatwon w finanse pou konjenw w oswa nan yon plan Marketplace oswa kontinye anba kouvèti asirans patwon w lan tanporèman lè w chwazi COBRA. *Planifie pou Retrèt gen ladan li planifie pou kouvèti asirans ou nan retrèt ou. Pou konnen plis, li Taking the Mystery Out of Retirement Planning (Gade nan pati dèyè an)*

## Lwa sa yo Kapab Ede

### • Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye an (The Employee Retirement Income Security Act)

**—** Ofri pwoteksyon pou moun ki enskri pou plan retrèt, sante ak lòt plan avantaj patwon nan sektè prive yo finanse, epi bay dwa pou jwenn enfòmasyon ak yon pwoesis reklamasyon ak apèl pou patisipan yo kapab jwenn avantaj gras ak plan yo.

### • Lwa sou Pwoteksyon Pasyan an ak Swen Pou Tout Moun yo (The Patient Protection and Affordable Care Act)

**—** Bay pwoteksyon pou kouvèti asirans sante ki baze sou travay yo, epi li pwolonje kouvèti pou timoun ki anba responsabilite yon lòt moun rive nan laj 26 lan, li entèdi eksklizyon ki baze sou kondisyon ki te egziste deja yo, epi li entèdi limit a vi ak anyèl sou avantaj sante esansyèl yo. Li kreye Health Insurance Marketplace® la tou.

### • Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Omnibus Konsolide an (The Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act)

**—** Bay kèk ansyen patwon, retrete, konjwen, ak timoun ki anba responsabilite granmoun yo dwa pou yo achte yon pwolongasyon tanporè pou plan kouvèti sante gwoup nan yon pri pou gwoup nan enstans espesifik yo.

### • Lwa sou Responsabilite nan Kad Asirans Sante (The Health Insurance Portability and Accountability Act)

**—** Pèmèt anplwaye yo, konjwen yo ak pitit yo enskri nan kouvèti asirans sante patwon an ofri kèlkeswa peryòd enskripsiyan an te ouvè oswa pa t ouvè si yo pèdi kouvèti yo an oswa nan ka gen yon marayj, yon nesans, adopsyon oswa yon plasman pou adopsyon. Li entèdi diskriminasyon nan kad kouvèti swen sante.

### • Lwa sou Dwa Fanm yo nan kad Sante ak Kansè (The Women's Health and Cancer Rights Act)

**—** Ofri pwoteksyon bay pasyan ki gen kansè nan tete ki chwazi fè rekonsistikyon tete nan koneksyon ak yon mastektomi.

**• Lwa sou Pwoteksyon Sante Tibebe ak Manman yo (The Newborns' and Mothers' Health Protection Act)** — Bay kouvèti minimòm pou sejou nan lopital yo apre akouchman.

### • Lwa sou Non Diskriminasyon nan kad Enfòmasyon Jenetik (The Genetic Information Nondiscrimination Act)

**—** Entèdi diskriminasyon nan prim plan sante an gwoup ki baze sou enfòmasyon jenetik. Epi tou, li jeneralman entèdi plan sante an gwoup yo fè demann enfòmasyon jenetik oswa fè demann tès jenetik.

### • Lwa sou Parite Sante Mantal ak Ekilib Adiksyon ak Lwa Parite Sante Mantal la (The Mental Health Parity and Addiction Equity Act and the Mental Health Parity Act)

**—** Li egzije parite nan egzijans finansye yo aj limit trètman pou sante mantal yo ak avanta itilizasyon dwòg yo ansanm ak sa ki la pou avantaj medikal ak chiriji yo.

### • Lwa sou Gerizon 21yèm Syèk la (The 21st Century Cures Act)

**—** Fè pwomosyon pou pi byen konprann epi pi byen konfòme ak Lwa sou Parite Sante Mantal ak Ekilib Adiksyon an, ansanm ak yon amelyorasyon nan asistans komunikasyon ak konfòmite an. Lwa Gerizon an fè konnen byen klè avantaj pou twoub manje yo antre anba kouvèti MHPAEA an.

### • Lwa sou Re-otorizasyon Pwogram Asirans Sante Timoun yo (The Children's Health Insurance Program Reauthorization Act)

**—** Otorize yon enskripsiyan nan yon plan sante an gwoup si yon anplwaye oswa moun ki anba responsabilite yon lòt moun pèdi yon kouvèti asirans nan CHIP oswa Medicaid oswa si yo kalifye pou asistans nan prim yo anba pwogram sa yo.

### • Lwa San Sipriz la (The No Surprises Act)

**—** Fè restriksyon sou depans depase ki sòti nan pòch ou (fakti sipriz yo) pou resepsyon swen andeyò rezo an nan kad sèvis ijans yo, sèvis ki pa ijan nan men founisè ki andeyò rezo an nan enstalasyon ki anndan rezo an ann kèk sikontans, ak sèvis anbilans ayeryen yo.

## Pou Konnen Plis...

Vizite [sit entènet Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye a](#) pou wè publikasyo EBSA ki pi ba yo:

- An Employee's Guide to Health Benefits Under COBRA
- Retirement and Health Care Coverage...Questions and Answers for Dislocated Workers
- Can the Retiree Health Benefits Provided by Your Employer Be Cut?
- Life Changes Require Health Choices...Know Your Benefit Options
- Work Changes Require Health Choices...Protect Your Rights
- Filing a Claim for Your Health Benefits
- Your Genetic Information and Your Health Plan - Know the Protections Against Discrimination
- Taking the Mystery Out of Retirement Planning

Pou kòmande kopi oswa fè demann asistans nan men yon konseye avantaj, kontakte EBSA **pa mwayer elektwonik** oswa rele gratis nan **1-866-444-3272**.

Ou kapab ale sou sit entènèt Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services) a **HealthCare.gov** oswa rele nan **1-800-318-2596** pou aprann plis sou plan Marketplace yo, kisa yo kouvri, epi kijan pou aplike. Ou kapab jwenn enfòmasyon tou nan kontakte biwo komisyon asirans eta ou an.



ANPLWAYE BENEFIS SEKIRITE ADMINISTRASYON  
DEPATMAN TRAVAY ETAZINI

Janvye 2022